



# Aprè Yon Dyagnostik Kansè Nan Bouch ak Nan Gòj



Kansè ki kòmanse nan bouch la rele kansè nan bouch oswa kansè nan kavite oral. Kansè ki kòmanse nan mitan pati nan gòj la (farenks) yo rele kansè nan orofarenks. Kavite oral la ak orofarenks ede w respire, pale, manje, moulen, ak vale. Si yo te di w gen youn nan kansè sa yo, ou te pwobableman deja fè egzamen, radyografi ak eskanè, epi yon byopsi (yon tès ki pran kèk tisi pou verifye prezans kansè). Gen lòt tès ki te ka fèt sou selil kansè yo pou verifye kèk pwoteyin ak chanjman jèn ke yo rele byomakè. Ou te ka fè lòt pwosedi tou pou w konnen si kansè a te pwopaje. Tès sa yo ede doktè w konnen ki tip kansè nan fwa ou genyen, ki stad li ye, ak ki tretman ki ta ka ede.

## Tretman pou kansè nan bouch ak nan gòj

Tretman w pral depann de tip ak stad kansè w genyen an. Opsyon tretman w yo pral depann tou de rezilta tès sou selil kansè yo, sante w, ak preferans pèsònèl ou yo.

Chiriji se souvan premye tretman pou kansè sa yo. Li ka fèt pou retire kansè a ak yon pati nan tisi nòmal ki ozalantou li. Pafwa, chiriji an pi konplèks si tout oswa yon pati nan lang, gòj, larenks, oswa machwè an bezwen retire. Si sa nesèsè, yo ka retire kèk dan tou. Chiriji kapab itilize tou pou retire gangliyon lenfatik nan zòn kou a pou verifye si kansè a pwopaje nan yo.

Lòt tretman pou tip kansè sa yo ka gen ladan radyasyon, chimyoterapi, terapi sible, oswa iminoterapi. Anpil fwa, plis pase yon tip tretman konn nesèsè. Plizyè tretman ka itilize pou ede anpeche oswa soulaje sentòm kansè nan bouch oswa nan gòj. Pafwa, yo bay yo ansanm ak lòt tretman. Doktè w pral ede w deside ki tretman ki pi bon pou ou.

## Asire w ke w mande:

- Ki tip kansè mwen genyen?
- Ki stad kansè an, e kisa sa vle di?
- Èske yo te teste kansè mwen an pou viris papiyòm imen (HPV)?
- Ki objektif tretman an?
- Ki tretman ou panse ki pi bon pou mwen?
- Èske m ap bezwen fè chiriji? Si wi, konbyen?
- Ak kisa m ap sanble apre chiriji an?
- Èske m ap gen pwoblèm pou m pale oswa pou m manje apre chiriji an?
- Èske m ap bezwen lòt tip tretman tou?
- Èske mwen ta dwe al wè yon dantis anvan tretman an?

## A kisa pou m atann mwen anvan ak pandan tretman an

Ekip swen kansè w la pral eksplike w plan tretman w lan. Ekip sa a ka gen ladan diferan doktè, enfimiyè, ak lòt pwofesyonèl swen sante, tou depann de tip tretman ou bezwen an. Pa egzanp, si w bezwen chiriji, chirijyen w lan pral fè w konnen ki jan li pral fèt ak kisa ki pral retire. Li pral travay avèk ou pou planifye pou nenpòt ekipman espesyal oswa terapi ou ta ka bezwen apre chiriji an. Si w bezwen lòt tip tretman, ekip swen kansè w la pral eksplike w kijan yo bay li, ede w prepare pou li, swiv kijan w ye, epi ede w ak nenpòt efè segondè. Ou ka gen pou fè lòt tès tou nan kèk moman pou verifye efikasite tretman w lan. Si yo atann ke w ka gen pwoblèm nan dan oswa pou manje, ekip swen w lan pral eksplike sa ki ka fèt pou yo ede.

Se pa tout moun k ap fè tretman pou kansè nan bouch ak gòj ki pral gen menm efè segondè yo. Pa egzanp, yon moun ka gen pwoblèm pou manje oswa vale akòz iritasyon nan terapi radyasyon. Pafwa, efè segondè yo vin pi mal si plis pase yon tip tretman nesèsè. Epi moun kap resevwa menm tretman yo ka gen efè segondè diferan.

## Asire w ke w mande:

- Ki efè segondè mwen ka genyen, e ki sa mwen ka fè pou m evite yo?
- Kijan n ap fè konnen si tretman mache?
- Konbyen fwa m pral resevwa tretman? Konbyen tan li pral dire?
- Ki kote m prale pou m jwenn tretman? Èske m ap ka kondwi pou kont mwen?
- Si mwen gen pwoblèm pou manje ak vale, ki sa ki ka fèt?
- Èske m ap kapab kontinye fè aktivite m konn fè yo, tankou travay ak egzèsis?
- Èske gen nenpòt esè klinik ki ta ka bon pou mwen?

## A kisa pou m atann mwen apre tretman an

Apre tretman, mande doktè kansè w yon rezime tretman ak yon plan swivi. Yo rele sa yon plan swen sivi. Doktè kansè w pral travay avèk medsen fanmi w oswa medsen tretan w pou ede jere efè segondè tretman an epi kontwole sante jeneral ou. Ou pral gen tè s regilye pou verifye si kansè w lan retounen oswa si yon nouvo kansè kòmanse nan yon lòt pati nan kò w.

Ou ka fè fas ak chanjman nan kò w apre chiriji an epi lòt tretman yo. Yo ka chanje fason w manje, moulèn, oswa vale, sa ki ka afekte kò w nan diferan fason. Asire w ke w mande doktè w a kisa pou atann ou epi fè li konnen si w gen nenpòt pwoblèm. Si w gen pwoblèm pou manje epi jwenn ase eleman nitritif, ou ka kontinye travay avèk yon dantis oswa yon dyetetisyen pandan w ap refè apre tretman an.

Moun ki te gen kansè nan bouch oswa nan gòj yo a risk pou yo genyen li ankò oswa fè lòt tip kansè. Menm lè ou santi w byen apre ou fin fè tretman, li enpòtan pou mande ekip swen kansè w la yon kalandriye regilye pou fè tè s swivi pou verifye si kansè kolorektal ou an retounen.

Pou kèk moun, kansè a ka pa disparèt konplètman. Yo ka kontinye resevwa tretman, epi tè s yo pral toujou nesè pou verifye efikasite li.

## Asire w ke w mande:

- Ki kote mwen ka jwenn yon kopi rezime tretman mwen an ak yon plan swivi?
- Konbyen fwa map gen pou m wè ekip swen kansè mwen an?
- Kilè ak kijan mwen ta dwe kontakte yo?
- Èske m ap bezwen fè tè s pou m wè si kansè m nan retounen, oswa pou m verifye si gen pwoblèm nan tretman m ap pran an?
- Èske m ap bezwen fè tè s depistaj, tankou yon mamogram oswa kolonoskopi, pou dekouvri lòt kansè byen bonè?
- Èske gen efè segondè ki rive an reta oswa alontèm ke m ta dwe siveye?
- Ki kote mwen ka jwenn dosye medikal mwen an apre tretman?



Pou plis enfòmasyon ak sipò, vizite sit Entènèt Sosyete Kansè Ameriken (American Cancer Society) nan [cancer.org/haitiancreole](https://cancer.org/haitiancreole) oswa rele nou nan **1-800-227-2345**. Nou la lè w bezwen nou.

## Rete an sante

Asire w ke ou di doktè w oswa ekip swen kansè a si nenpòt efè segondè tretman pa ale oswa si ou gen nenpòt nouvo sentòm.

Gen bagay ou ka fè pou w rete an sante pandan ak apre tretman an. Pa fimen epi pa bwè alkòl se fason pou ede diminye risk pou kansè a vin pi mal oswa retounen. Li ka difisil pou kèk moun jwenn epi kenbe yon pwa nòmal epi manje yon bon rejim alimantè. Asire w ke w ale nan randevou w yo, epi kite ekip swen kansè w lan konnen si pwa w oswa kapasite w pou manje chanje. Rete aktif, ka ede w rete an sante e ka diminye risk pou w gen lòt kansè.

## Jere emosyon w yo

Lè w gen kansè nan bouch ak nan gòj sa ka fè w santi w pè, tris oswa strese. Li nòmal pou gen santiman sa yo, e gen fason pou ede w fè fas ak yo

- Pa eseye jere emosyon w yo pou kont ou. Pale de yo, kèlkeswa sa yo ye.
- Li NÒMAL pou santi w tris oswa deprime detanzantan, men fè ekip swen kansè w la konnen si w santi emosyon sa yo pandan plis pase kèk jou.
- Si doktè w di w sa NÒMAL, kontinye fè bagay ou renmen fè tankou pase tan deyò, ale nan sinema oswa evènman espòtif, oswa ale nan dine.
- Jwenn èd nan aktivite tankou fè manje ak netwaye.

Ou ka kontakte zanmi, fanmi, oswa lidè relijye oswa gwoup. Konsèy kapab ede tou. Gen kèk moun ki twouve sa itil pou pale ak lòt moun ki te pase pa menm eprèv yo. Yon gwoup sipò ka ofri sa. Di ekip swen kansè w lan kijan ou santi w. Yo ka ede w jwenn bon sipò.